

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Métodologi nya éta prosés, prinsip, jeung prosedur nu digunakeun salaku pamarekan masalah jeung meunangkeun jawaban (Mulyana, 2010, kc.145). Ku hal éta, métodologi salaku pamarekan umum pikeun ngaguar topik jeung masalah panalungtikan. Métodologi panalungtikan kualitatif miboga tujuan ngahasilkeun hipotesis tina panalungtikan lapangan (Mulyana, 2010:146). Nurutkeun Mulyana, data nu kapaluruh dina métode kualitatif sipatna déskriptif (non inferensial) nu merlukeun data sacara gembleng / henteu saukur mawa sample. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan subjektif nu raket patalina jeung métode panalungtikan kualitatif sabab merlukeun sawangan-sawangan sababaraha individu kaasup ilubiung pamikiran panalungtik jeung mekarkeun hipotesis ngeunaan hiji kajadian nu miboga ma'na historis. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif nu dijerona ngawengku wawancara kalayan teleb, analisis dokumén, studi kasus, studi historis-kritis (Mulyana, 2010, kc:148).

Nurutkeun Mulyana, wawancara mangrupa wangun komunikasi dua jalma, ngalibetkeun hiji jalma nu hayang meunangkeun informasi ku cara nataharkeun sababaraha patalékan dumasar tujuan anu tangtu. Wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara nu henteu kastruktur atawa bisa disebut paguneman informal nu miboga tujuan meunangkeun informasi kalayan susunan patalékan dumasar kana réspon narasumber. Dokumén salaku panglengkep tina hasil wawancara kayaning foto-foto, vidéo, warta dina koran, artikel dina majalah, buku-buku jeung sajabana. Dokumén mangrupa sumber primer panalungtikan sabada wawancara. Nurutkeun (Schatzman jeung Strauss, dina Mulyana 2010), negeskeun yén dokumén historis mangrupa bahan penting dina panalungtikan kualitatif. Pamungkas, téknik dina ieu panalungtikan kualitatif-déskriptif nya éta Studi Kasus. Studi kasus nya éta uraian jeung déskripsi kompréhensif ngeunaan rupaning aspék hiji individu, kelompok, organisasi (komunitas), hiji program, atawa hiji situasi sosial (Mulyana, 2010, kc. 201).

Panalungtik nu miboga oriéntasi kana hiji kasus niténan réa data ngeunaan subjék nu keur ditalungtik.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu dihandap.



Bagan 3.1 : Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data

Data mangrupa hal poko dina panalungtikan. Data nu baris dikaji dina ieu panalungtikan nyaéta dialog tokoh Panakawan dina *Lalakon Semar Rarabi*. Tokoh Panakawan anu baris ditalungtik nyaéta:

- 1) Semar
- 2) Cepot (Astrajingga)
- 3) Dawala

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta rekaman pintonan wayang *Lalakon Semar Rarabi* ku Giri Harja 3 kalayan dalangna Ki Asep Sunandar Sunarya.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara, analisis dokumentasi, jeung studi pustaka.

1) Téknik Wawancara

Téknik wawancara digunakeun sangkan meunangkeun data mangrupa informasi ti para tokoh padalangan. Hasil wawancara ti sababaraha tokoh nu kumelip dina padalangan pikeun ngaguar rumusan masalah kahiji jeung kadua.

2) Analisis Dokumentasi

Analisis dokumentasi digunakeun pikeun meunangkeun data nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Dokumentasi nu dianalisis mangrupa sababaraha pagelaran wayang Sunda Giri Harja 3 dina *Youtube*. Anapon analisis anu dipaké nyaéta analisis struktur caritana, semiotik, jeung laparan kana pangajaran.

3) Studi Pustaka

Studi Pustaka digunakeun pikeun ngajembaran informasi sarta méré pangaweruh sacara teleb kana objék nu ditalungtik.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta sakabéh alat atawa cara ngagunakeunna pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil tina panalungtikan. Instrumén anu dipaké ogé pikeun ngarojong kana téknik panalungtikan anu baris dilaksanakeun.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta

1) Instrumen Telaah Pustaka

Instrumen anu dipaké mangrupa tabél anu tujuanna pikeun ngadata daptar buku nu dijadikeun rujukan ieu panalungtikan. Anapon daptar buku ieu panalungtikan bisa ditingali di handap.

Tabél 3.1
Daftar Buku anu Dipaké dina Panalungtikan

No.	Buku	Keterangan
1	Kasastraan	Aya
2	Kabasaan	Aya
3	Kasénian	Aya
4	Pangajaran	Aya

2) Instrumen Wawancara

Wawancara dipaké pikeun maluruh informasi kamandang salah sahiji tokoh pawayangan Jawa Barat ngeunaan Pancacuriga dina tokoh panakawan Wayang Sunda. Wawancara dilaksanakeun ka Wa Kabul, nyaéta salah sahiji Girang Pangajén Binojakrama Padalangan 2018 Kabupatén Karawang. Pedoman wawancara anu dilaksanakeun diwangun ku sababaraha patalékan. Anapon patalékan dina ieu panalungtikan bisa ditingali dina pedoman wawancara di handap.

Tabel 3.2
Pedoman Wawancara

PEDOMAN WAWANCARA	
1.	Kumaha sajarah munculna Panakawan dina Padalangan Sunda?
2.	Kumaha kalungguhan tokoh Panakawan dina Padalangan Sunda?
3	Naon waé fungsi tokoh Panakawan dina Padalangan Sunda?

4.	Kumaha kalungguhan tokoh Panakawan dina lalakon Semar Rarabi?
----	---

Tabel 3.3
Data Informan

DATA INFORMAN	
Wasta	
Umur	
Padumukan	
Pakasaban	

3) Instrumen Analisis Dokumentasi

Instrumen anu dipaké dina analisis nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun nganalisis jumlah dialog masing-masing tokoh Panakawan, téma, alur, tokoh, setting, puseur sawangan, sindir, silib, siloka, sasmita, simbul, sasmita.

a) Pikeun maluruh Sémiotik dina Pancacuriga

Tabel 3.4
Kartu Data Semiotik Ikon (Siloka)

No.	Kode	Data	Interpretasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabel 3.5
Kartu Data Semiotik Ikon (Sasmita)

No.	Kode	Data	Interpretasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabel 3.6
Kartu Data Semiotik Indéks (Sindir)

No.	Kode	Data	Interpretasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabel 3.7
Kartu Data Semiotik Indéks (Silib)

No.	Kode	Data	Interpretasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabel 3.8
Kartu Data Semiotik Simbol (Simbul)

No.	Kode	Data	Interpretasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Contona: 1) Kode SR/3/110

2) Kode SR/4/179

Katerangan:

SR : singgetan sumber data

3/4 : babak carita

110/179 : nomer dialog dina transkrip

b) Pikeun maluruh Struktur Carita

Tabél 3.9
Kartu Data Palaku dina Carita

No.	Palaku	Watek	Kode	Data	Interpretasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

Tabél 3.10
Kartu Data Latar Tempat dina Carita

No.	Latar Tempat	Kode	Data
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.11
Kartu Data Latar Waktu dina Carita

No.	Latar Waktu	Kode	Data
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.12
Kartu Data Latar Sosial dina Carita

No.	Latar Sosial	Kode	Data
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.13
Gaya Basa Tokoh Panakawan dina CWSR

No.	Gaya Basa	Kode	Data
(1)	(2)	(3)	(4)

3.5 Analisis Data

Data nu geus kakumpul, saterusna diolah maké téhnik analisis struktur carita, sémiotik dina pancacuriga, jeung nyieun bahan pangajaran pikeun SMA ngeunaan Carita Wayang. Analisis struktur carita maluruh struktur carita dina Carita Wayang *Lalakon Semar Rarabi*. Anapon léngkah-léngkah pikeun nganalisis data bisa ditingali di handap.

- 1) Data hasil panalungtikan dipasing-pasing dumasar struktur jeung unsur sémiotik.
- 2) Data hasil panalungtikan dianalisis struktur caritana.
- 3) Saréngséna dilaksanakeun analisis struktur, tuluy dianalisis maké ulikan Sémiotik dina Pancacuriga anu ngawengku silib, sindir, siloka, simbul, jeung sasmita.
- 4) Réngsé kapaluruh tanda nu aya dina carita, tuluy dianalisis hasil struktur carita jeung unsur Sémiotik dina Pancacuriga pikeun bahan pangajaran di sakola.